

TANF Pou Imigran Legal

Kisa TANF ye?

TANF se lèt ki se pou **Asistans Tempore pou Fanmi ki gen Bezwen**. TANF ap bay fanmi ki gen timoun ki ret lakay ed lajan. TANF ka ede kèk immigran peye pou bezwen senp yo.

Eske mwen ta ka resevwa TANF?

Fòk ou nan Etazini legalman. Fòk ou gen timoun ki rete ansanm avek ou e fòk ou pa fè anpil kòb.

Kèk gwoup imigran pa ka resevwa TANF. Menm si ou isit la legalman, li ta ka posib ou pa ka jwenn TANF si:

1. Si ou se yon Rezidan Pèmanan (LPR), ki poko gen 5 ane avek estati sa-a (e ou pa yon refijye oubyen yon moun ki akòde azil);
2. Si ou te fè aplikasyon pou estati pèmanan e w toujou tann desizyon;
3. Si ou te aplike pou estati azil oubyen yon lòt chanjman nan estati imigran ou avek imigrasyon e w'ap tann desizyon; oubyen
4. Ou gen yon lòt estati ki pa two konnen.

Si ou se legal e nan yon nan gwoup ki liste anle, ou ta ka jwenn ed TANF si:

- Ou te resevwa ed TANF oubyen te fe yon aplikasyon depi avan **1 Janvyè 2012**;
- Ou se granmoun oubyen andikape;
- Ou te yon viktim vyolans domestik; **oubyen**
- Ou ap tann dokiman travay.

Pou kesyon sou pwogram yo ou ka kontakte:

Maine Equal Justice Partners (MEJP)

Nimewo telefon: 207-626-7058 oubyen gratis 1-866-626-7059

via entènèt: www.mejp.org

Pou kesyon sou estati imigrasyon ou ka kontakte:

Immigrant Legal Advocacy Project (ILAP)

Nimewo telefon: 207-780-1593 oubyen gratis 1-800-497-8505

via entènèt: www.ilapmaine.org